**O`zbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi**

**A`jiniyaz atındag`ı No`kis ma`mleketlik pedagogikalıq institutı**

**Qaraqalpaq tili ha`m a`debiyatı fakul`teti**

**Qaraqalpaq a`debiyatı kafedrası**

4 «a» kurs talabası Xudaybergenova Gulshattın`

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMISI

**TEMA: «Ulıwma bilim beriw mekteplerinde A.Abdievtın` prozasın oqıtıw metodikası»**

No`kis 2016-jıl

## J O B A :

Kirisiw

I. Qaraqalpaq proza haqqında ulıwma tu`sinik

I.1.60-80-jılları qaraqalpaq prozası

I.2.G`a`rezsizlik da`wiiri qaraqalpaq prozası

II. A`. A`bdievtın` prozası

Juwmaq

A`debiyatlar

## Kirisiw

G`a`rezsizlik sharapatı menen O`zbekstan Respublikasında siyasiy, ekonomikalıq, ja`miyetlik bag`darlarda ko`plegen o`zgerisler ju`z berdi. Sonın` menen birge xalqımızdın` biybaha ruwxıy baylıqların qayta tiklewge ha`m qa`dirlewge ken` jollar ashıldı.

G`a`rezsizlik ideologiyası azat ha`m abat Watan, erkin ha`m abadan turmıs qurıw jolındag`ı a`sirlik arzıw a`rmanları, turmıslıq ideyaların o`zinde sa`wlelendiredi. Sonın` menen birge milliy g`a`rezsizlik ideyası bu`gingi tez pa`tte o`zgerip baratırg`an ta`shwishli du`n`yada o`zligimizdi an`law, bizin` kimligimizdi, qanday ullı babalardın` miyrasına neshe mın` jıllıq tariyx, ta`kirarlanbaytug`ın ma`deniyat ha`m qa`diryatlarg`a iye ekenimizdi sezip jasawg`a, bul baylıqtı asırap saqlaw, demokratiyalıq qa`diriyatlar, pu`tkil du`n`ya rawajlanıwının` jetiskenlikleri menen azıqlandırıp, jan`a o`nip kiyatırg`an a`wladqa xızmet etiwi tiyis.

Ha`zirgi qıyınshılıqlı sharayatta xalqımız, aldı menen o`nip-o`sip kiyatırg`an jas a`wladımız sanasında ha`m qa`lbinde ideologiyalıq immunitet payda etiw u`lken a`hmiyetke iye[1],- dep atap ko`rsetti prezidentimiz I.A.Karimov. Solay eken, oqıwshılardın` sanası ha`m qa`lbinde ideologiyalıq immunitetti payda etiwge ja`rdem beretug`ın milliy a`debiyatımızdın` wa`killerinin` shıg`armaların u`yreniw ha`m sol shıg`armalar mısalında oqıwshılardı jaqsılıqqa  ta`rbiyalaw bu`gingi ku`nnin` en aktual ma`selelerinen dep esaplaymız. Ko`rkem shıg`armalar arqalı, tiykarınan, jazıwshı A`.Atajanovtın` shıg`armaları arqalı oqıwshılardın` qa`lbinde ideologiyalıq immunitetti payda etiw sıyaqlı

[1] Milliy g`a`rezsizlik ideyası: tiykarg`ı tu`sinik ha`m printsipler, No`kis ,’’Qaraqalp aqstan’’,2001,6-bet.

a`diwli iske qol urıw bizin` pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` aktuallıg`ın belgilep beredi.

**Jumıstın` maqseti ha`m wazıypaları**

Pitkeriw qa`nigelik jumısımızdın` tiykarg`ı maqseti jazıwshı A`.Atajanovtın` prozalıq shıg`armalarının` o`zgesheliklerin anıqlawdan ibarat bolıp tabıladı. Bul maqsetke erisiw ushın to`mendegishe wazıypalardı orınlawımız tiyis:

-birinshiden, proza haqkında ulıwma tu`sinik beriw;

-ekinshiden, 60-80-jıllar qaraqalpaq prozasına ulıwma sholıw jasaw;

-u`shinshiden, A`.Atajanovtın` 60-80-jılları do`retken prozalıq shıg`armalarına tallaw jasaw;

-to`rtinshiden, A`.Atajanovtın` g`a`rezsizlik da`wiirinde do`retken prozalıq shıg`armalıran tallaw jasaw.

**Izertlew ob`ekti**

Jumıstın` izertlew ob`ekti sıpatında jazıwshı A`.Atajanovtın` 60-80-jıllardag`ı ha`m g`a`rezsizlik da`wirinde jazg`an prozalıq shıg`armaları, tiykarınan «Qaytıp keliw» toplamı, «Jat jurtta japa shekken adam» toplamlarına kirgizilgen shıg`armaları tan`lap alındı.

**Izertlew metodları**

Jumıstı tayarlaw barısında tiykarınan  ko`rkem shıg`armanı tallaw metodı, salıstırıw metodlarınan paydalanıldı.

## A`.A`bdevtın`  do`retiwshiliginin` izertleniw tariyxı

Jazıwshı A`. Atajanovtın` do`retiwshiligi ha`zirgi qaraqalpaq a`debiyattanıw iliminde  u`yrenilip atırg`an ma`selelerden bolıp tabıladı. Ulıwma bilim beretug`ın mekteplerdin` tog`ızınshı klası  a`debiyat

sabaqlıg`ında 60-80-jıllar qaraqalpaq prozası degen temada A`.Atajanovtın` prozalıq shıg`armalarına sholıw jasaladı, sonday-aq, akademiyalıq litsey ha`m ka`sip-o`ner kolledjlerinin` XX a`sir qaraqalpaq a`debiyatı sabaqlıg`ında A`.Atajanovtın` prozalıq shıg`armalarına tallaw islenedi, biraq jazıwshının` do`retiwshiligi boyınsha o`z aldına ilimiy izertlewler alıp barılmag`an.  Solay bolsa da jazıwshının` prozalıq shıg`armaları ilimpazlar ta`repinen ayırım ilimiy maqalalarında tallaw islengen, ma`selen, Q.Kamalov «Dala bu`rkiti» kitabında  «1984-jıldın` prozası» maqalasında A`.Atajanovtın` «G`alma-g`al», «Uyqı», «Joyıtılmag`an baxıt» gu`rrin`lerine tallaw isleydi. Sonın` menen birge jazıwshı A`.Atajanovtın` ayırım shıg`armalarının` jurnal variantları jıldın` juwmag`ında ilimpazlar ta`repinen tallang`an ha`m tiyisli bahaların alg`an, ma`selen,  jazıwshının` «Sarg`ayg`an da`pter» povesti  Q. Maqsetovtın` «Jan`a povest`ler haqqında oylar» degen maqalasında 1966-jılı ja`riyalang`an povest`ler qatarında tallaw islenedi ha`m «A`miwda`r`ya» jurnalının` 1967-jılg`ı №9 sanında ja`riyalanadı, maqalada ilimpazdın` povest` haqqında unamlı pikirleri menen birge sın ko`z-qarasları da bildiriledi.

Jazıwshı A`.Atajanovtın` do`retpeleri haqqında J.Narımbetovtın` pikirleri «Jan`a estetikalıq sheklerge qaray» (N., 1985) degen  a`debiy-kritikalıq maqalalar jıynag`ına kirgizilgen «Proza ha`m ha`zirgi da`wir», «Qaraqalpaq prozası 1979-jılda» maqalalarında bildiriledi.

**Jumıstın` du`zilisi**

Jumıs kirisiw, tiykarg`ı eki bap, juwmaq ha`m paydalanılg`an a`debiyatlar diziminen turadı.

# I BAP. Qaraqalpaq prozası haqqında ulıwma tu`sinik

## I.1.60-80-jılları qaraqalpaq prozası

Proza - (latın tilinen tuwra, erkin pikir bildiriw degen ma`niste) A`debiyattın` turmıs haqıyqatlıg`ın obrazlar arqalı ko`rkem qara so`z tu`rinde su`wretleytug`ın janrı. Ol a`debiyattın` basqa janrlarınan o`zinin` birneshshe formalıq ha`m stil`lik o`zgeshelikleri jag`ınan aytarlıqtay parıq qıladı. Ko`rkem qara so`z prozanın` tiykarg`ı bayanlaw usılı bolsa da, bul ekewin birdey eken dep biri-biri menen shatastırmaw kerek. Awızeki qara so`z fol`klorlıq shıg`armalarda, da`stanlarda ushırasadı, al jazba tu`rdegi qara so`z ko`binshe tariyxıy ha`m ilimiy bayanlawdın` negizgi usılı sıpatında orta a`sirlerde-aq Shıg`ıs ha`m Batıs a`debiyatlarında paydalanılg`an. Biraq ba`ri bir olar haqıyqat ko`rkem prozanın` da`l o`zi emes edi. Mısalı, A`. Nawayının` bir neshe shıg`armalarında da tariyxıy xronikal` qara so`zlik bayanlaw (onda da ko`rkemlik belgileri bolg`an) qollanılg`an. Biraq bul da ele o`zbek a`debiyatında ko`rkem prozanın` qa`lipleskenligin ko`rsete almaydı. Sonlıqtan da ko`pshilik Shıg`ıs a`debiyatlarında ko`rkem milliy proza milliy awızeki a`debiyat u`lgileri ha`m Batıs a`debiyatının` da`stu`rlerinin` tıg`ız, ajıralmas birikpesi (sintezi) na`tiyjesinde XX a`sirde payda bolg`an ha`m rawajlang`an jan`a qubılıs dep qaralıwı kerek. Ko`rkem prozag`a roman, povest`, gu`rrin`, ocherk t.b. kiredi. (S.Axmetov, J.Esenov, Q.Ja`rimbetov A`debiyattanıw atamalarının` orıssha-qaraqalpaqsha tu`sindirme so`zligi», N., 1994)

Demek biz A`.Atajanovtın` prozası degende jazıwshının` do`retiwshiliginde payda bolg`an prozalıq shıg`armalar, yag`nıy povest`, gu`rrin`, ocherk t.b. tallaw jasaymız. Al A`.Atajanov jazıwshı sıpatında qanday ortalıqta ta`rbiyalanıp, ocherk, gu`rrin`, povest`lerin jazg`anın tu`siniw ushın 60-80-jıllar qaraqalpaq a`debiyatı, sonın` ishinde sol da`wir prozasına ulıwma sholıw jasap o`tiwimiz maqsetke muwapıq boladı.

60-80-jıllar qaraqalpaq a`debiyatının` janrlıq, tu`rlik, mazmunlıq ha`m ko`rkemlik jaqtan da en` rawajlang`an da`wiri boldı. Usı jılları a`debiy ha`ptelikler tez-tez o`tip turdı, bul qubılıs tuwısqan xalıqlar a`debiyatları menen de a`debiy baylanıstın` rawajlanıwına o`zinin` unamlı ta`sirin tiygizdi. Usınnan bolsa kerek, jazıwshı, shayır ha`m dramaturglerimizdin` en` jaqsı shıg`armaları orıs, o`zbek, qazaq, tu`rkmen ha`m t.b. tuwısqan xalıqlardın` tillerine awdarılıp, Moskva, Tashkent ha`m No`kiste basıp shıg`arıldı. Bunın` o`zi de qaraqalpaq a`debiyatının` ko`p jerlerde tanılıwına sebepshi boldı.

Qaraqalpaq jazıwshılarının` shıg`armaları haqqında Moskva ha`m Tashkunt qalalarında a`debiyatshı-alımlar ta`repinen sın maqalalar menen retsenziyalar, ha`tteki, monografiyalıq miynetlerde payda boldı. Qaraqalpaq a`debiyatın usınday joqarı darejege ko`teriwde xalıq shayırları A.Dabılov, S.Nurımbetovlar menen bir qatarda olardın` izin basıp kiyatırg`an talant iyeleri J.Aymurzaev, T.Jumamuratov, I.Yusupov, T.Qayıpberogenov, K.Sultanov, G`.Seytnazarov, T.Seytjanov, B.Qayıpnazarov, A.Bekimbetov h.t.b. lardın` salmaqlı u`lesi bar.

1960-80-jıllardag`ı qaraqalpaq poeziyası burın ko`rilmegen da`rejede tez pa`t penen rawajlandı. Mısalı, usı jıllardag`ı poeziyamızdın` jetekshi wa`killeri bolg`an I.Yusupov lirikanın` barlıq temalarına ha`m janrlıq formaları menen birge liro-epikalıq poeziyanı da rawajlandırıp, «Tumaris», «Dala a`rmanları», «Gilemshi hayal haqqında haqıyqatlıq», «Bu`lbil uyası», «A`jiniyaz» operasının` librettosın, «Ma`n`gi bulaq» poemaların do`retken bolsa, talantlı shayır T.Jumamuratov «Ma`kar`ya sulıw» da`stanın ha`m basqada satiralıq qosıqların do`retti. Talantlı shayır T.Ma`tmuratovtın` poeziyasında da lirikalıq qosıqlar menen birge «Jaqsı adamnın` ju`regi», «Menin` juldızım» dramalıq poemaları, M.Seytniyazovtın` ekologiyalıq mashqalalarg`a arnalg`an «A`miw, Aral

menin` o`mirimde», G`.Seytnazarovtın` «Temir qazıq» poemaların do`retti. Shayır K.Raxmanovtın` poeziyasında lirikanın` altılıq, segizlik, onlıq sıyaqlı jan`a janrlıq formaları payda boldı.

60-80-jıllardag`ı qaraqalpaq prozası uzaq o`tmishti su`wretlewshi shıg`armalar menen bir qatarda bu`gingi zamanago`y turmıs, insannın` miynet iskerligin, jaslıq muxabbattı, paraxatshılıqtı ulıg`lawshı, urıstı qaralawshı temalardı da ko`birek sa`wlelendirdi.

50-jıllar qaraqalpaq prozasında A.Begimovtın` do`retiwshiliginde «Balıqshının` qızı», O`.Ayjanovtın` «Aral qushag`ında», J.Aymurzaevtın` «A`miwda`r`ya boyınsha» X.Seytovtın` «Ha`wirli samal» sıyaqlı da`slepki iri ko`lemli romanlar payda bolg`an bolsa, 60-80-jıllar aralıg`ında T.Qayıpbergenovtın` «Son`g`ı hu`jim», «Qaraqalpaq qızı», «Qaraqalpaq da`stanı», K.Sultanovtın` «Aqda`r`ya», «A`jiniyaz», O.Bekbaulovtın` «Beruniy», «Taras Aralda», K.Ma`mbetovtın` «Bozataw», Sh.Seytovtın` «Ig`bal soqpaqları», «Shırashılar», «Xalqabad» roman-tetralogiyası do`retildi. Usı jıllardag`ı qaraqalpaq prozasında A.A`lievtin` «Ku`t meni», «Menin` Gu`ljamalım», T.Qayıpbergenovtın` «Suwıq tamshı», «Uyqısız tu`nler», G`.Seytnazarovtın` «Dawıllar arasınan», «Gu`jim haqqında qıssa», J.Aymurzaevtın` «Jetimnin` ju`regi», U.Pirjanovtın` «Su`wret», K.Ma`mbetovtın` «Baxtın` bolsın Arıwxan», «Shaqasında emes, tamırında», «Moskvadan kelgen qız», S.Bahadırovanın` «Hayallar», «Turmıs sabag`ı», A`.Atajanovtın` «Sarg`ayg`an da`pter», «Jeti xat», «Son`g`ı qar», G.Esemuratovanın` «Jiyren» h.t.b. birneshshe povest`leri menen gu`rrin`leri izbe-iz basılıp shıqtı.

60-80-jıllar qaraqalpaq prozasında tematikalıq ko`ptu`rlilik penen bir qatarda janrlıq formalardın` rawajlanıw da ko`zge taslanadı, usı ko`z qarastan pikir ju`ritetug`ın bolsaq 50-jıllar qaraqalpaq a`debiyatı ushın roman janrı pu`tkilley jan`a qubılıs edi. Sol ushın da usı jıllarda payda

bolg`an A.Begimovtın` «Balıqshının qızı», J.Aymurzaevtın` «A`miwda`r`ya boyında», O`.Ayjanovtın` «Aral qushag`ında» romanları o`zlerinin` ideyalıq-ko`rkemlik da`rejelerinin` qanday bolıwınan biyg`a`rez da`slepki qaraqalpaq romanları sıpatında prozamız tariyxınan ma`n`gi orın alıp qaldı.

60-70-jıllarg`a kelip romanshılıqta professionallıq sheberliktin` artqanı sezile basladı. Romanistlerimizdin` qatarı X.Seytov, T.Qayıpbergenov, K.Sultanov, A.Bekimbetov usag`an jan`a atlar menen tolıstı. Mısalı: X.Seytovtın` «Agronom predsedatel`», «Jol boyındag`ı to`bege ta`jim et», A.Bekimbetovtın` «Gu`res», T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq qızı», «Qaraqalpaq da`stanı», K.Sultanovtın` «A`jiniyaz», «Aq da`r`ya», Sh.Seytovtın` «Ig`bal soqpaqları», «Xalqabad» (1,2-kitap) romanları, bul da`wirde romanshılıqtın` a`debiyatta massalıq a`debiy qubılısqa aylang`anlıg`ınan da`rek beredi.

Usılardın` ishinde T.Qayıpbergenov penen K.Sultanovtın`, Sh.Seytovtın` romanları ideyalıq-ko`rkemlik, janrlıq formalıq o`zgeshelikleri boyınsha prozag`a u`lken jan`alıq bolıp kirgenligi dawsız. Mısalı, T.Qayıpbergenov «Qaraqalpaq da`stanı», K.Sultanov «A`jiniyaz» romanları menen tariyxıy romanshılıqqa tiykar salg`an bolsa, Sh.Seytov «Ig`bal soqpaqları» romanı menen liriko-psixologiyalıq romang`a baslama saldı. Usı da`wde qaraqalpaq romanshılıg`ı o`zinin` kompozitsiyalıq qurılısı boyınsha ja`ha`n romanshılıg`ındag`ı jetiskenliklerdi iyelewe ha`reket etti. Mısalı, T.Qayıpbergenov «Qaraqalpaq qızı» romanı menen roman-dilogiya, «Qaraqalpaq da`stanı» romanı menen roman-trilogiya formaların payda etti. Onın` «Qaraqalpaq da`stanı» trilogiyası o`zinin` su`wtlegen tariyxıy da`wiri boyınsha qaraqalpaq prozasındag`ı birinshi roman-epopeya da bolıp tabıladı.

60-jıllarda o`z rawajlanıwının` joqarg`ı basqıshlarına qaray ku`shli pa`t penen usılayınsha qa`dem alg`an romanshılıq 70-80-jıllarg`a kelip san ha`m sapa jag`ınan en` bayıp tolısqan da`wirine jetti. T.Qayıpbergenov «Ko`zdin` qarashıg`ı», «Qaraqalpaqnama», Sh.Seytov «Xalqabad» (3-4-kitap), «Shırashılar», K.Ma`mbetov «Posqan el», «Bozataw», I,Qurbanbaev «Altın masaq», «Isenim», G`.Seytnazarov «Ma`wsimler muqamı», A.A`liev «Parız», S.Sa`liev «Tırnaq», T.Na`jimov «Qutlı qonıs», Q.Jumaniyazov «Da`slepki qa`dem», A`.Paxratdinov «O`mir soqpaqları», M.Qayıpov «Qara chemodan», A.Sadıqov «Gu`l tasta da gu`lleydi», «Bostansız bu`lbu`l», O.A`bdiraxmanov «Bosag`a», K.Allambergenov «O`mir ma`writleri», «Da`rbent» sıyaqlı ideyalıq-ko`rkemlik sapası en` joqarı romanlar usı da`wirdin` jemisi boldı.

80-jıllar qaraqalpaq a`debiyatında ha`r qıylı temadag`ı prozalıq shıg`armalar, yag`nıy gu`rrin`, novella, povest`, roman ha`m t.b. janrdag`ı shıg`armalar payda boldı, bul shıg`armalardın` barlıg`ında da tiykarınan turmıs haqıyqatlıg`ı jazıwshının` qıyalı, fantaziyasının` ta`sirinde ko`rkem haqıyqatlıqqa aylandı ha`m turmıslıq material ko`rkem shıg`armanının` tiykarg`ı o`zegin qurap, oqıwshılarg`a ta`rbiyalıq ta`sir jasaydı.

Ko`rip otırg`anımızday, XX a`sirdin` 60-80-jılları, a`sirese 80-jılları qaraqalpaq prozası bay ko`rkemlik da`stu`rlerge iye bolg`an, u`lken sheberlik na`tiyjelerin toplag`an da`wiri boldı. Bul faktler prozanın` janrlıq, formalıq, ideyalıq-ko`rkemlik jaqtan jetiliskenligin ko`rsetiwshi faktler bolıp qoymastan, prozanın` bunnan bılay da gu`llep rawajlanıwına bay estetikalıq tiykar tayarlap bergen, ondag`ı g`a`rezsizlik ideyaları ha`m ruwxının` kelip shıg`ıwında tiykarg`ı derek xızmetin atqarg`an faktler de bolıp tabıladı.

## I.2.G`a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq prozası

O`zbekstan Respublikası g`a`rezsizlik alg`ang`a shekem ko`rkem so`z ustalarımız, sonın` ishinde, prozaiklerimiz de belgili bir sheklengen temalar a`tirapında qa`lem terbetip kelgenligi sır emes. Ma`selen roman, povest` janrında o`z shıg`armaların do`retken avtorlarımız, ko`binese ya alıs o`tmish waqıyalarına, ya birde Oktyabr` awdarıspag`ı waqıyalarına qa`lem terbetti. Bul jolda, a`lbette, olar belgili tabıslarg`a da eristi. Biraq, bunda kommunistlik ideologiyanın` ta`siri basım boldı. Ma`selen, 1920-30-jıllardag`ı qıyan-kesti tariyxıy waqıyalar, kolxozlastırıw ha`m sovetlestiriwge baylanıslı sovet hu`kimetinin` ju`rgizgen siyasatı haqqında haqıyqatlıqtı, ol da`wirdin` qarama-qarsılıqlı xa`diyseleri haqqında shınlıqtı jazıw mu`mkin bolmadı. Al, eger bul temag`a arnalg`an do`retpeler jazılsa da, olar siyasiy qa`liplerdin` shen`berinen shıg`ıp kete almadı. Bunın` ta`siri jazıwshılarımızdın` bir birine qarama-qarsı klasslardın` gu`resine shennen tıs itibar beriwlerinde, qaraqalpaq urıwları arasındag`ı alawızlıqtı ha`dden tıs bo`rttirip ko`rsetiwinde, iyshan- burıng`ı ziyalılırımız bolg`an ruwxanıilerdin` kelbetine qara boyawlardı ayawsız jag`ıwında, jasalma konflikt jasawg`a umtılıwshılıqta, bol`sheviklerdin` obrazın shennen tıs ideallastırıp su`wretlewlerinde h.t.b. ko`rindi.

A`lbette, Oktyabr` awdarıspag`ı ha`m kollektivlestiriw da`wiri temalarına arnalg`an ko`plegen do`retpeler payda boldı. Olardın` arasında sa`tli jazılg`an, qaraqalpaq prozasın pu`tkil O`zbekstan, ha`tteki, burıng`ı Awqam ko`leminde tanıtqanları da boldı. Bul jerde T.Qayıpbergenovtın` «Qaraqalpaq qızı», Sh.Seyitovtın` «Shırashılar» shıg`armaları na`zerde tutıladı. Biraq ta, olar sanawlı g`ana edi. Onın` esesine, XIX a`sir ayag`ındag`ı XX a`sir basındag`ı, 1898-jılg`ı Tallıq bolısındag`ı, 1905-1908, 1914-1918-jıllardag`ı sondday-aq 1919-jılg`ı xalıq ko`terilisi-

Oktyabr` awdarıspag`ı aldındag`ı ha`m onnan keyingi 20-30- jıllardag`ı xalqımız ta`g`dirindegi qıyan-kesti waqıyalar, 1943-jılg`ı Qon`ırat waqıyası, tragediyag`a tolı insan ta`g`dirlerin su`wretlew talap da`rejesinde bolmadı. Repressiya teması ele burıng`ı jag`dayında turıptı,-desek boladı. Ruwxanıylarımız, do`retiwshilik intelegentsiyanın` ayanıshlı ta`g`dirleri ele talay shıg`armag`a tiykar bolıwı so`zsiz. Negizinde, tariyxshılarımız XX a`sirdin` qanlı waqıyaları jo`ninde ko`p mag`lıwmatlardı ju`zege shıg`ardı. Bul boyınsha biraz jumıslar islendi. Ayırım tariyxshı ilimpazlarımızdın` miynetleri baspadan da shıqtı. Usılardı esapqa alsaq, XX a`sir basındag`ı, 20-30-jıllardag`ı tariyxımızg`a tiyisli ko`plegen burın belgisiz bolg`an ko`plegen mag`lıwmatlar jarıqqa shıqtı ha`m olar prozaiklerimiz aldında u`lken mu`mkinshiliklerdi payda etti. Ma`selen, 1929-jılg`ı qayg`ılı Taxtako`pir ko`terilisi, onın` sebepleri, tragediyalıq aqıbetleri, 1936-37-38-jıllardag`ı quwdalawlarg`a baylanıslı waqıyalar u`lken-u`lken romanlarg`a, povest`lerge tiykar bola alıwı so`zsiz. Ha`zir bunday temalarg`a qol urıwg`a mu`mkinshilik bar. Arxiv materialların tolıq paydalanıwg`a boladı Biraq ku`tilgendey na`tiyje joq.. Endi neni ba`ne eter ekenbizW Mu`mkin, sanamızdag`ı burıng`ı qatıp qalg`an stereotiplerden, qa`liplerden qutıla almay atırg`anlıg`ımız, oy-du`n`yamızdag`ı tubalawshılıq, erinshekligimiz tiykarg`ı sebep bolıp atırg`an shıg`ar. Eger de sapalı shıg`arma jazılsa, onı ja`riyalawg`a, a`lbette, erteli-kesh mu`mkinshilik boladı. Al, jazılmasa - og`an shara joq.

1990-2000-jıllardag`ı iri prozalıq do`retpelerge itibar bergenimizde biz joqarıdag`ı sorawlarg`a belgili da`rejede juwap tapqanday bolamız. A`lbette, bul da`wirdegi iri su`yekli prozalıq do`retpelerdin` ha`mmesine o`zimizdin` ko`z-qarasımızdı bildiriwimizge bizin` mu`mkinshiligimiz sheklengen. Ekinshi ta`repten, ko`rkem-estetikalıq sıpatı jag`ınan bul waqıttag`ı ha`mme do`retpelerdi birdey, joqarı ko`rkem-estetikalıq talapqa

juwap beredi,-dey almaymız. Sonlıqtan da, biz a`debiy protsesste elewli waqıya bolg`an, a`debiyat ıqlasbentlerinin` dıqqatın o`zine tartqan roman, povest`, ayırım jag`daylarda gu`rrin`lerdi talqılaw menen sheklenemiz. Bunda bizge a`debiy do`retpenin` ko`terip shıqqan problemasının` a`hmiyeti ha`m og`an ko`rkem formanın` sa`ykesligi baslı kriteriya boladı. Bul a`debiy kategoriyalardın` ekewide bir-birine say bolmasa, jazıwshının` aldına qoyg`an maqsetinin` iske asıwı qıyın. Bug`an qosımsha, ha`zirgi da`wirde tek g`ana realizm metodının` qursawında qalıp qoymay, al, Batıs Evropa, rus, ha`tteki, tu`rkiy a`debiy-estetikalıq oy-du`n`yasında janlanıp qalg`an modernizm ha`m absurd a`debiyatının` da`stu`rlerine degen jazıwshılarımızdın` qatnası da  na`zerimizden shette qalmaydı. Sebebi, adamzattın` ha`zirgi a`debiy-estetikalıq oy-du`n`yasında realizm, modernizmnin` tu`rli ag`ımları, ha`r tu`rli filosofiyalıq ko`z-qaraslar, a`sirese, absurd ideyasının` tu`rli ko`rinisleri bir-biri menen qarısıp, ha`zirgi insan balasının` quramalı kelbetin, onın` ishki du`n`yasının` bar arpalısın, gu`yzelisin ko`rkem haqıyqatlıqqa aylandırıwg`a xızmet etpekte. Bul tuwralı a`debiyatshı ilimpazlarımız o`zlerinin` ha`r qıylı pikirlerin birdirmekte. Demek, biz ha`zirgi a`debiy protsessti tallaw boyınsha aytılg`an bul pikirlerdi esapqa alıwımız kerek. Bunın` u`stine XX a`sirdin` 90-jıllarının` basında SSSR qusag`an totalitar du`zimge tiykarlang`an ma`mlekettin` ıdırawı, onın` baslı ideologiyalıq quralı bolg`an kommunistlik oylawdın` adamlardın` sanasınan a`ste-a`ste sıg`ıp shıg`arıla baslawı, onın` ornın adamzattın` a`sirler boyı jıynalg`an filosofiyalıq, etikalıq, estetikalıq, huqıqıy bilim qorları sistemasının` iyeley baslawı bizin` a`tiraptag`ı ja`miyetlik ha`m ta`biyat qubılıslarına, sonın` ishinde, turmısımızdın` ajıralmas bir bo`legi bolg`an ko`rkem a`debiyatımızg`a degen qatnasımızdı da pu`tkilley o`zgertip jiberdi desek,  asıra siltegen bolmaymız.

Kommunistlik ideologiyanın` a`debiyattag`ı baslı quralı bolg`an sotsialistlik realizmnin` iskenjesinen qutılıp ko`rkem so`z ustalarımız ja`miyetlik turmıs waqıyaların o`zinin` bar halında, tu`rlishe ra`n`-ba`ren` jag`dayında beriwge mu`mkinshilik aldı. Insan ruwxının` quramalı ta`biyatın - onın` umtılısın, sezim tuyg`ısın quwanısh ha`m qayg`ısın, ko`terin`ki ha`m tu`sin`ki keypiyatın beriwde jazıwshılarımız tek g`ana realizmnin` printsipleri menen sheklenip qalmastan, modernizm a`debiyatının`, sonday-aq, du`n`yag`a degen mifologiyalıq, mistikalıq, ila`hiy ko`z-qaraslardın` mu`mkinshiliklerinen de paydalanıwg`a umtılmaqta. Ma`selen, T.Qayıpbergenovtın` «O du`n`yag`a atama xatlar», «Qarakalpaqtın` o`z qalpag`ı menen sırlasıwı», «Qa`lbimnin` qamusı», «Tu`rkiynama», H.Hamidovtın` «Ushqın» (bul romannın` dawamı «O`z u`yim» degen atama menen «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında shıqtı), K.Allambergenovtın` «Da`r`ya tartılg`an jıllar», K.Raxmanovtın` «Aqıbet» romanları, Amangeldi Xalmuratovtın` «Ta`g`dirles», «Ja`nnet bag`ı», Q.Ayımbetovtın` «Qarabuwra», S.Ismaylovtın` «Ju`rek gallaktikası», «Bizler bir u`yde jasaymız», «Payg`ambarlar ha`m shaytanlar» atlı roman ha`m povest`lerin, H.O`temuratova, A.A`bdiev, A.Turekeeva, G.Zaytovalardın` gu`rrin`lerin ja`riyalandı. Bul do`retpeler ko`lemi, mazmunı ha`m forması, ko`terip shıqqan probleması, janr ha`m stili boyınsha ju`da` ha`r qıylı bolıwına qaramastan, olardı bir na`rse birlestiredi. Ol da bolsa turmıs haqıyqatlıg`ın su`wretlewdin` da`stu`riy usılına tiykarlang`an ko`rkem metod-realizmnin` qag`ıydalarına bag`ına bermesten, o`zinshe jol tawıp, ha`zirgi adamlardın` ruwxıy ta`biyatın ashıp beriwge umtılıw. Bul bag`darda joqarıdag`ı avtorlar realizmnin` bay mu`mkinshiligine qosımsha du`n`yag`a degen mifologiyalıq, mistikalıq, fantastikalıq ko`z-qaraslardın` ko`rinislerinen utımlı paydalanadı. Bug`an qosımsha, olardın` do`retpelerine romantikalıq stilge ta`n bolg`an belgiler

de enisip ketip, shıg`armanın` mazmunının` tartımlılıg`ına, formasının` ra`n`-ba`ren`ligine erisiledi.

Ulıwma alg`anda, g`a`rezsizlik da`wiri qaraqalpaq prozası burın qol urılmag`an temalarg`a, ideyalarg`a qa`lem terbetiwde, el tarıyxında u`lken ornı bar real shaxslardın` ko`rkem obrazın jaratıwda, qaharman xarakterin jasaw jolında burıng`ı qatıp qalg`an kestelerden, stereotiplerden qutılıwda, jan`asha janrlıq stil`lik shoqkılardı iyelewde belgili tabıslarg`a eristi. Sonın` menen birge bul da`wir prozasının` rawajlanıwının` ele de joqarı bolıwına tosqınlıq jasag`an ob`ektiv ha`m sub`ektiv sebepler boldı. Birinshisine ekonomikalıq qıyınshılıq, qag`az qıtshılıg`ı sebep bolsa, ekinshisine jazıwshılarımızdın` o`zlerinin` jan`a da`wirge tayar emesligi, estetikalıq oy-du`n`yasının` burıng`ı totalitar ja`miyette ornıg`ıp qalg`an qaliplerden, dogmalardan tolıq qutılmag`anlıg`ı. ko`rkem izlenisinin` to`menligi sebep boldı. Demek, bul ma`selelerdin` ha`mmesin ha`zirgi zaman talabına say izertlew ha`zirgi a`debiyattanıw iliminin` aldında turg`an keshiktiriwge bolmaytug`ın wazıypalardın` biri.

Usınday jazıwshılardın` ortalıg`ında o`sip jetilisken jazıwshılarımızdın` biri A`bdimurat Atajanovtın` do`retiwshiligi de bu`gingi ku`ni milliy qa`diriyatlardı insanlar qa`lbine ha`m sanasına sin`diriwde xızmet etiwi dawsız.

A`.Atajanovtın` do`retiwshiliginde tiykarınan gu`rrin`ler, ocherkler, povest`ler payda bolg`an. Bul janrlıq formalarg`a qısqasha teoriyalıq anıqlamalar berip o`tiw maqsetike muwapıq dep esaplaymız. Teoriyalıq a`debiyatlarda gu`rrin`ge turmıstı ıqsham ha`m qısqa tu`rde sa`wlelendiretug`ın prozanın` kishkene janrlıq tu`ri dep anıqlama beriledi, demek, ha`r qanday gu`rrin` ko`lemi boyınsha qısqa ha`m tiykarg`ı bir qaharmannın` basınan o`tken waqıyaları su`wretlew tiyis. Gu`rrin`-epikalıq janr. Onın` ko`lemi kishi bolıwına qaramastan ja`miyetlik turmısımızdag`ı

u`lken-u`lken ma`selelerdi ortag`a qoyıwg`a boladı. Gu`rrin`ler arqalı Djek London atın du`n`yag`a tanıttı, gu`rrin`ler jazıw arqalı V.Shukshin u`lken sıylıqlarg`a miyassar boldı. Sonın` ushın da ol: «En`  qa`dirli demler; 1. Ele gu`rrin`im haqqında, onın` atı ha`m qaharmannın` isminen basqasın bilmegen payıtlarım. 2. Gu`rrin`im ha`m qaharmanım haqqında ha`mme na`rse anıq tek jazıw qalg`an. Qalg`anı-jumıs.

Iqshamlılıq degen ne? «Kereksiz jayın tu`sirip qaldır, biraq  onın` tu`sip qalg`anlıg`ı aqmaqqa da belgili bolsın. Sonda jazılmag`an jeri de oqıladı»-degen edi V.M.Shukshin.

Novella-ital`yan tilinen awdarg`anda «novella» so`zi jan`alıq degendi an`latadı. Qaharman o`mirindegi keskin burılıs jasalg`an ma`writti qısqa ha`m o`tkir ko`rkem psixologiyalıq tu`rde su`wretlewshi prozanın` kishi janrlıq tu`ri.

Novellada: a) waqıya da`l bir kaharmannın` o`miri menen tariyxıy jaqtan bekkem ajıralmas baylanısqa iye bolıwı; b) syujettin` ku`tilmegen jerden baslanıwı; v) ko`terilip otırg`an ma`selelerdin` turmıstan alıng`an bir ta`sirli ko`rkem detal`dın` a`tirapına qurılıwı; g) shıg`armada og`ırı qısqa, ha`tteki qas-qag`ım ma`writke uzaq jıllardın` da mazmunın sıydırıp jiberiw ha`m tag`ı basqalar onın` geypara janrlıq tu`rlerden o`zgesheligin ko`rsetedi. Novella janrlıq tu`r sıpatında XIV-XV a`sirlerde, Oyanıw da`wirlerinde-aq Batıs Evropa, Italiya a`debiyatlarında jaqsı rawajlang`an. O`zbek a`debiyatında A.Qahhardın`, qaraqalpaq prozasında A`.Atajanov, G.Esemuratova, H.O`temuratovalardın` do`retiwshilik iskerligindegi novellanın` jaqsı u`lgileri bar. Bull janr o`zinin` ko`leminin` kishi bolıwına qaramastan ko`rkem realistlik prozanın` tu`rleniwinin`, onın` jetiskenliginin`, a`debiyatta qaharman obrazın, xarakterin ashıp beriwdin` teren`lesip baratırg`anının` gu`wası bolıp esaplanadı.

Povest`-turmısta bolg`an real` waqıyalardı xabarlaw arqalı su`wretleytug`ın roman menen gu`rrin`nin` arasındag`ı epikanın` ortasha tu`ri. Povest` ko`lemi jag`ınan romannan kishi, biraq mazmunı jag`ınan onnan kem tu`spewi mu`mkin. Mısalı, Pushkinnin` povest`leri ha`r qanday romannan mazmunı jag`ınan to`men emes. Romanda birneshe da`wirdegi adamlardın` tariyxı su`wretlense, povest`te bir yamasa birneshe adamnın` ta`g`diri so`z boladı, waqıyası da qısqa bir g`ana iri waqıyadan turıwı mu`mkin. O`ytkeni, birneshe waqıyalı bolıwdı povest`tin` ta`biyatının` o`zi ko`termeydi.

Ko`rkem prozanın` bir tu`ri sıpatında povest` ulıwma jer ju`zi xalıqlarının` a`debiyatında,  sonın` ishinde, qaraqalpaq a`debiyatında 30-jıllardın` ekinshi yarımında do`redi. En` birinshi qaraqalpaq povest`lerinin` qatarında M.Da`ribaevtın` «Mın`lardın` biri», A`.Shamuratovtın` «Eski mektepte» shıg`armaların atap o`tsek boladı.

Roman- turmıstı ken`nen alıp su`wretleytug`ın, adam xarakterlerin teren` ashıp beretug`ın epikanın` tu`ri. Roman waqıyanı ku`ta` arıdan alıp, sozıp ha`diyselerdi biri-birinen rawajlandırıp su`wretleydi. Alıng`an waqıyalardın` mo`lsheri de sog`an baylanıslı ku`ta` ken`. Bılayınsha aytqanda, qulashtı ken`nen sermep, erkin tu`rde turmıstı sa`wlelendiriw romannın` mu`mkinshiligine tiyisli. Jazıwshı romanda qısılıp, qımsırılmaydı, faktti ko`p jıynap onnan keregin iriklep alıwg`a mu`mkinshilik boladı. Biraq ta, romandag`ı waqıyalar, ha`r qanday ko`rkem shıg`armanın`, tiykarın qurag`an waqıya sıyaqlı ta`sirli, qızıqlı ha`m tartımlı bolıwı kerek.

Epikalıq tu`rdin` en` u`lken forması bolg`an roman janrının` o`zine ta`n ayrıqshalıq belgileri bar. En` aldı menen, romanist jazıwshı ja`miyet penen adamnın` turmıslıq qatnaslarının` teren` tu`pkirlerine kirip, onı

ha`rta`repleme su`wretlep beriw mu`mkinshiligine iye. Ol bul jag`ınan a`debiyattın` basqa janrları aldında bir to`be.

Roman adam xarakterlerinin` qa`liplesiwinin` barlıq jolın, sharayatların, qospalı qıyın jolların ken`nen sa`wlelendirip, adamnın` o`siw jolın bizin` ko`z aldımızg`a tolıq elesletedi. Bir yamasa birneshe a`wladtın` tariyxı og`an mazmun bola beredi.

Romannın` payda bolıwı ha`m rawajlanıwı haqqında biz ullı kritik V.G. Belinskiydin` miynetlerinen ko`p mag`lıwmatlar tabamız. V. Belinskiydin` ko`rsetiwi boyınsha roman xalıqtın` milliy rawajlanıwının` joqarı basqıshında payda boladı ha`m rawajlanadı. Ertede roman xalıqlarının` tilinde jazılg`an ha`r qanday prozalıq shıg`armalar romanlıq dep atalg`an, waqıttın` o`tiwi menen ko`rkem prozanın` ko`lemli tu`ri g`ana roman dep atalatug`ın bolg`an. Roman o`zinin` teması ha`m qurılısı jag`ınan birneshe tu`rge ajıratıladı. Tematikalıq jaqtan tariyxıy, filosofiyalıq, sotsiallıq ha`m tag`ı basqa tu`rleri bar. Ko`lemi menen qurılısı jag`ınan romanlar (dilogiya) eki romannın` birikpesi, (trilogiya) u`sh romanın` birikpesi, (tetralogiya) to`rt romannın` birikpesi bolıp bo`linedi.

Qaraqalpaq a`debiyatında roman janrı eliwinshi jıllarg`a kelip payda boldı, ol ha`zir qa`liplesken janrg`a aynaldı. Qaraqalpaq a`debiyatındag`ı en` birinshi roman A.Begimovtın` «Balıqshının` qızı» romanı bolıp tabıladı.

Ha`r qanday ko`rkem shıg`armanı tallaw ushın en` da`slep jazıwshı ta`repinen paydalanılg`an so`z, yag`nıy shıg`armanın` tiline itibar qaratıladı. Sebebi, ha`r qanday ko`rkem shıg`armanın` en baslı materialı til, til o`zgesheliklerinen jazıwshının` sheberlik penen paydalanıwı arkalı qısqalıq, teren` mazmunlılıqtı iske asırıw en` a`hmiyetli ma`selelerden bolıp esaplanadı. Z.Bekbergenova: « Gu`rrin` janrının` o`zine ta`n

belgilerin ashıwda  jazıwshının` ideya ha`m tema tan`lawı, xarakter jasawı, syujet ha`m kompozitsiya qurıw, detallardı da`liyillewi, avtordın` waqıyag`a ko`z-qarası, peyzaj ha`m til o`zgeshelikleri belgili orın tutadı» dep ko`rsetedi. (Z.Bekbergenova Ko`lemi kishi janrdın` u`lken mu`mkinshilikleri// Mug`allim ha`m u`zliksiz bilimlendiriw, N., 2007 №2 22-29-bb.)

Obraz – ko`rkem a`debiyatta turmıstı su`wretlewdin` bir usılı. Ol arqalı shayır yaki jazıwshı o`z da`wirinin` xarakterli belgisin, a`hmiyetli ma`selelerin juwmaqlastırıp, tipiklestirip beredi. Shayır ta`repinen do`retilgen obrazlarg`a onın` o`z qatnası, ko`zqarası ayqın ko`rinip turadı. A`debiyattag`ı do`retilgen obrazlardın` a`hmiyeti sonnan ibarat, oqıwshılar ha`r tu`rli konrket tariyxıy jag`dayda ha`r tu`rli da`wirde qa`liplesken, jarıqqa shıqqan a`lwan tu`rli adamlardın`  tipleri menen tanısadı. Sol adamlardın` tipleri menen tanısıw  arqalı biz belgili bir da`wirdin` xarakteri menen, sol da`wirdegi adamlardın` u`rip-a`detleri, minez-qulqı, psixologiyası menen tanısamız.

Ko`rkem shıg`armalarda qatnasıwshılardı adamlardın` ju`ris-turısı, minez-qulqı, tu`r-tu`si (portreti), ishki du`n`yası ko`rkemlep su`wretlenedi. Qatnasıwshı adamlardı a`debiyattanıw iliminde tu`rlishe ataydı: personajlar, qaharmanlar, bas obrazlar, ekinshi da`rejeli obrazlar, xarakterler, tiplik obrazlar (Q.Ja`rimbetov XIX a`sir qaraqalpaq lirikasının` janrlıq qa`siyetleri, N., 2004)

Demek, ha`r qanday ko`rkem shıg`armada so`z-obraz-ideya shınjırı tallawdı talap etedi, sebebi, xa`r bir shıg`armanın` tiykarg`ı ideyası usı pozitsiya arqalı jetkerilip beriledi.

## A`DEBIYaTLAR


1. I.A.Karimov Milliy g`a`rezsizlik ideyasi: tiykarg`i tu`sinik ha`m printsipler, N. , 2001.

2. I.A.Karimov Joqari ma`nawiyat – jen`ilmes ku`sh, T., 2008.

3.S.Axmetov, J.Esenov, Q.Ja`rimbetov A`debiyattaniw atamalarinin` orissha-qaraqalpaqsha tu`sindirme so`zligi», N., 1994

4.Q. Maqsetov «Jan`a povest`ler haqqinda oylar»// «A`miwda`r`ya» 1967, №9 , 114-123 bb.

5. Q.Kamalov «Qaraqalpaq povesti» N.,1978

6. Q.Kamalov «Dala bu`rkiti»(a`debiy kritikaliq maqalalar jiynag`i) N.,1990

7. Q.Sultanov «Insan qu`direti», N.,1992

8. J.Narimbetov «Jan`a estetikaliq sheklerge qaray» (a`debiy kritikaliq maqalalar jiynag`i) N.,1985

9. K.Ma`mbetov A`debiyat teoriyasi,N., 1995

10.K.Xudaybergenov «Da`wir ha`m pariz» (a`debiy kritikaliq maqalalar jiynag`i), N.,1987

11.Z.Bekbergenova Ko`lemi kishi janrdin` u`lken mu`mkinshilikleri// «Mug`allim ha`m u`zliksiz bilimlendiriw» 2007 №2

12.A`. Atajanov «Qaytip keliw» N., 1996

13.A`.Atajanov «Sarg`ayg`an da`pter» «A`miwda`r`ya» 1966, №12

14.A`.Atajanov «Jat jurtta japa shekken adam» N., 2010.

15.A`.Atajanov «On`bag`an bala» «A`miwda`r`ya» 2000 №1